

Anons ki soti nan Distri a

**30 Novanm 2020:**

Ron DeSantis ki se Gouvènè eta Florid la deklare jodi a ke lekòl nan tout Florid pral rete ouvè pandan nou ap avanse nan dezyèm semès nan ane lekòl la.

Richard Corcoran ki se Komisè Depatman Edikasyon Florid la mete deyò yon Òd Ijans pou pwolonje chwa paran yo genyen pandan pandemi a, ki enkli yon opsyon pou elèv ki **fè ase pwogrè** pou kontinye nan yon modèl vityèl nan dezyèm semès la, si li bezwen sa.

Elèv ki anwole aktyèlman nan enstriksyon vityèl e ki **pap fè ase pwogrè** pral egzije pou retounen nan enstriksyon fas-a-fas amwens ke paran ryo ankontre avèk manb pèsònèl lekòl la, rekonèt pa ekri ke elèv la pa rive fè ase pwogrè epi rekonèt lòt risk edikatif ki asosye avèk sa, tankou pou re pran yon kou/double yon nivo klas epi/oswa limite opòtinite pou kontinye lekòl apre klas segondè.

Semenn sa a, paran e elèv ki aktyèlman anwole nan yon enstriksyon ki rele Classroom Connect virtual, pral resevwa yon notifikasyon pa kourye elektwonik pou eksplike pwochèt etap yo ak yon lyen sondaj modèl edikatif. Paran elèv ki aktyèlman nan lekòl yo pral bezwen konplete yon sondaj.

Lekòl Piblik Collier County pral kontinye konsantre sou akonplisman ak siveyans pwogrè elèv yo. Nou rekonesan pou fleksibilite e bon travay TOUT elèv, pran, manb pèsònèl, e manb kominotè yo fè prè pandan nou ap apwoche nan dezyèm semès la.